Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL LANCE PREMYE SANT RECHÈCH ENDEPANDAN SOU ENTÈLIJANS ATIFISYÈL NAN PEYI A NAN YON INIVÈSITE PIBLIK NAN INIVÈSITE ETA NOUYÒK LA NAN BINGHAMTON

Gras a yon kado istorik 30 milyon dola ki soti nan yon gwoup donatè, dirije pa ansyen elèv Tom Secunda, ak yon envestisman 25 milyon dola nan men eta a, nouvo sant lan pral fè pwogrè nan rechèch epi ede asire yon entèlijans atifisyèl serye pou Nouyòkè yo

Pi gwo kado akademik nan listwa Inivèsite Binghamton lan fè avanse objektif Gouvènè Hochul pou double rechèch nan SUNY epi pozisyone Nouyòk plis kòm yon lidè nasyonal nan inovasyon IA

Gade videyo anons Gouvènè Hochul la isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pi gwo kado akademik nan listwa Inivèsite Eta Nouyòk (University of the State of New York, SUNY) nan Binghamton, ki etabli Sant pou Responsablite ak Rechèch sou Entèlijans Atifisyèl (IA) kòm premye sant rechèch endepandan sou IA nan nenpòt inivèsite piblik nan Etazini.

Don filantropik 30 milyon dola a ki soti nan yon gwoup donatè ki dirije pa Tom Secunda — yon ansyen elèv Inivèsite Binghamton ak ko-fondatè Bloomberg LP, ki sèvi tou kòm Prezidan endepandan konsèy administrasyon konsòsyòm Empire AI la — makonnen ak yon envestisman kapital rechèch 25 milyon dola ki soti nan SUNY. Anons sa a bati sou sipò finansye kontinyèl Eta Nouyòk la pou rechèch SUNY ak enfrastrikti avanse ki nesesè pou kenbe Nouyòk konpetitif nan teknoloji emèkan yo, tankou entèlijans atifisyèl.

Anons sa a souliye konviksyon Gouvènè Hochul ke IA ka kondwi pwogrè nan sante, sekirite, ak opòtinite ekonomik, epi ke reyalize pwomès sa a mande fondasyon ki an sekirite, transparan, ak fyab ke rechèch endepandan ka bay.

"Entèlijans atifisyèl ap avanse rapidman, epi pandan teknoloji a ap enfliyanse tout sa n ap fè pi plis toujou, nou bezwen ajil menm jan an tou pou asire ke IA ap travay pou Nouyòkè yo yon fason ki an sekirite epi responsab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sant pou Responsablite ak Rechèch sou IA a pral yon branch rechèch endepandan ki bay Nouyòkè yo transparans ak konfyans ke IA ap devlope epi deplwaye nan fason ki

sèvi byen piblik la, patikilyèman nan aplikasyon sektè piblik la. Efò sa a reflete lidèchip politik Nouyòk la ak angajman kontinyèl nou pou envesti nan rechèch ak inovasyon SUNY. Mwen vle remèsye Tom Secunda ak fanmi Secunda a, ansanm ak gwoup donatè yo ki sipòte inisyativ sa a, pou angajman ekstrawòdinè yo anvè SUNY Binghamton ak patenarya yo ak Eta Nouyòk pandan n ap bati yon modèl nasyonal pou yon IA responsab."

Tom Secunda, ko-fondatè Bloomberg LP ak prezidan konsèy administrasyon Empire AI la, te deklare, "Mwen optimis sou sa IA pral debloke—nouvo dekouvèt syantifik, pi bon rezilta sante, sèvis piblik ki pi solid, ak pwogrè nan pwodiktivite ki elaji opòtunite, epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan fè syans avanse pou byen piblik la. Pou nou ka pwofite avantaj sa yo nèt ale, nou bezwen tou bati konfyans nan bon fason an: atravè rechèch endepandan ak rigoure ki ka teste sistèm yo, mezire pèfòmans, epi eksplike kijan modèl avanse yo konpòte yo nan anviwònman reyèl. Nouvo Sant sa a pral ede kreye zouti, estanda, ak filyè talan peyi a bezwen pou IA a pa sèlman pwisan, men tou, pou li an sekirite, transparan, epi merite konfyans piblik la. Ansanm ak enfrastrikti enfòmatik pataje Empire AI la, Inivèsite Binghamton ka ede dirije yon efò nasyonal pou asire ke pwochen jenerasyon avansman IA a ranfòse kominote yo epi elaji sa ki posib."

Baze sou lidèchip Eta Nouyòk nan itilizasyon responsab IA atravè Empire AI Consortium, Sant pou Responsablite ak Rechèch IA nan Inivèsite Binghamton pral premye sant akademik nan peyi a pou kreye syans ak jeni entèlijans atifisyèl responsab, repetitif, ak transparan. Objektif li se sèvi kòm sèl sant akademik piblik nan peyi a pou rechèch teknik fondamantal sou sekirite, pwoteksyon, ak transparans modèl ak sistèm entèlijans atifisyèl pou ede asire ke IA sèvi byen piblik la. Fòmasyon li bay plis opòtinite pou inisye rechèch ak devlopman nan domèn entèlijans atifisyèl (IA) ki an sekirite, ekitab, epi aksesib, ki benefisye tout kwen nan Nouyòk, pou asire ke zouti pwisan sa yo an sekirite, jis, epi fasil pou konprann. An kolaborasyon avèk Konsòsyòm Empire AI la, li mete Nouyòk nan premye liy yon nouvo disiplin teknik nan enterè piblik la, epi li pral atire talan nan domèn IA nan eta a.

Inivèsite Binghamton se yon manm fondatè Konsòsyòm Empire AI la, yon inisyativ inovan Gouvènè Hochul pou bay pi gwo inivèsite rechèch piblik ak prive nan eta a aksè ak resous enfòmatik IA dènye kri. SUNY ak Inivèsite Binghamton pral kòmanse yon rechèch nasyonal imedya pou lidèchip Sant lan ak pwofesè afilye yo, pou konstwi yon ekip klas mondyal pou fè avanse misyon rechèch endepandan Sant lan epi tradui rezilta ki baze sou prèv an pratik reyèl, epi y ap travay pou maksimize finansman ki disponib pou Sant lan.

Chanselye SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "SUNY ap bouje, e gras a Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta nou an ansanm ak jenewozite ansyen elèv Binghamton ak lidè teknoloji Tom Secunda, manm fakilte ak elèv talantye nou yo ap resevwa opòtinite rechèch san parèy pou fè Nouyòk avanse. Envestisman istorik sa a fè pati angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou double rechèch nan SUNY epi asire ke nou

nan dènye kri teknoloji emèjan yo, tankou IA. Pa gen pi bon kote pou rechèch ak inovasyon pase isit la nan SUNY."

Konsèy Administrasyon SUNY te deklare, "Entèlijans Atifisyèl Responsab se kreye teknoloji nou ka fè konfyans, epi kanpis SUNY yo gen pi bon zouti pou yo ofri pwofesè remakab nou yo ak etidyan k ap chèche vin chèchè yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Tom Secunda pwofonman pou angajman eksepsyonèl yo nan rechèch ak inovasyon nan domèn entèlijans atifisyèl."

Prezidan Binghamton University a, Anne D'Alleva, te deklare, "Sant pou Responsablite ak Rechèch sou IA a pral reyini rechèch inovan ak bousdetid, lidèchip etik, ak angajman piblik nan yon moman kote touletwa yo nesesè yon fason ijan. Mwen pwofondman rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a pou sipò vizyonè yo, epi mwen remèsye Tom Secunda pou gwo jenerozite li ak angajman li kontinye genyen anvè ansyen inivèsite li. Ansanm, n ap kreye yon anviwònman rechèch ki asire ke IA ap ranfòse kominote yo, bati ekonomi nou an, epi touche konfyans piblik la."

Senatè Eta Toby Ann Stavisky te deklare, "Nouyòk dwe pran latèt non sèlman nan devlope entèlijans atifisyèl, men tou nan fè li yon fason responsab. Envestisman istorik sa a pou SUNY Binghamton mete valè piblik yo nan sant rechèch sou entèlijans atifisyèl. Se yon bèl bagay lè efò filantropik yo pèmèt travay sa a fèt aklè, nan yon inivèsite piblik, pou benefis tout moun nan vil Nouyòk. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li anvè patenarya piblik-prive ki pèmèt SUNY pran devan nan inovasyon."

Senatè Eta Lea Webb, te deklare, "Antanke manm Komite Edikasyon Siperyè Sena a ak ansyen elèv Inivèsite Binghamton, mwen fyè pou m sipòte yon inisyativ ki asire ke IA devlope yon fason ekitab, an sekirite, transparan, epi nan enterè piblik la. Envestisman istorik sa a nan Sant pou Responsablite ak Rechèch sou IA mete Nouyòk nan premye liy nan entèlijans atifisyèl responsab. N ap kreye opòtinite pou elèv nou yo lè nou ankre travay sa a nan SUNY Binghamton epi lè nou tabli yon estanda nasyonal pou yon IA ki fyab."

Manm Asanble Joseph Angelino, te deklare, "Mwen kontan wè kado ekstrawòdinè sa a yo bay Inivèsite Binghamton lan. Sant IA dènye kri a ki kreye avèk lajan sa yo pral ede fè Nouyòk lidè nan peyi a nan sa ki gen pou wè ak IA. Mwen vle remèsye donatè yo; jenewozite nou pa pase inapèsi."

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Envestisman sa a pozisyone Inivèsite Binghamton ak Konte Broome nan premye liy rechèch ak inovasyon nan domèn IA dènye kri. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt talan ak potansyèl ki genyen isit la nan kominote nou an. Sant sa a pral ankouraje rechèch, atire pi bon talan yo, epi kreye nouvo opòtinite pou elèv yo, biznis yo, ak mendèv nou an."

Empire AI ap pèmèt ajanda rechèch ki pi anbisye e li deja ap bay yon enpak mezirab pou chèchè akademik atravè Eta Nouyòk grasa yon pi gwo aksè ak òdinatè avanse ki

akselere dekouvèt nan tout disiplin yo—soti nan byoteknoloji ak syans lavi rive nan fabrikasyon avanse, ak syans sosyal. Premye pwojè yo te ede chèchè yo modle entèraksyon byolojik ak chimik konplèks pi rapidman, eksplore nouvo apwòch pou deteksyon ak tretman maladi, epi amelyore konpreyansyon sou kijan domaj sou entènèt tankou diskou rayisans pwopaje ak evolye. Nouvo Sant pou Responsablite ak Rechèch sou IA nan Inivèsite Eta Nouyòk nan Binghamton pral bati sou momantòm sa a lè li ajoute yon motè rechèch endepandan, ki konsantre sou enterè piblik la, ki konsantre sou sekirite, ak transparans ki nesesè pou deplwaye IA avèk konfyans epi nan enterè piblik la.

Kòm yon pati nan angajman finansman kapital sa a, Inivèsite Eta Nouyòk nan Binghamton pral angaje nan yon renouvèlman mak pou l pi byen aliyen ak non ak logo SUNY an pou l ka demontre ak anplifye lidèchip SUNY nan rechèch epi pou rekonèt wòl kanpis la nan sistèm edikasyon siperyè piblik Eta Nouyòk la. SUNY ap travay avèk chak Sant Inivèsite sou pwòp pwosesis maketing ki sanble pa yo.

Enfòmasyon sou State University of New York
Inivèsite Eta Nouyòk se pi gwo sistèm konplè edikasyon siperyè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km (30 mil) de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, 12 Sant Opòtinite Edikatif, plis pase 30 laboratwa alfabetizasyon dijital (ATTAIN), epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory). An total, SUNY sèvi anviwon 1.7 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè li yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan Nouyòk. Depans pou rechèch nan tout sistèm nan te prèske 1.5 milya dola nan ane fiskal 2025 an, ki genyen ladan yo gwo kontribisyon etidyan ak fakilte yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite suny.edu.

Apwopo Empire AI
Empire AI se yon patenarya solid ant pi gwo inivèsite piblik ak prive nan Nouyòk pou etabli yon sant enfòmatik entèlijans atifisyèl dènye kri, ki loje nan University at Buffalo SUNY an. Konsòsyòm nan gen ladan l Columbia University, Cornell University, CUNY, Icahn School of Medicine nan Mount Sinai, New York University, Rensselaer Polytechnic Institute (RPI), University of Rochester, Rochester Institute of Technology, SUNY, ak Flatiron Institute, ansanm ak lòt òganizasyon filantwopik tankou Tom Secunda ak Simons Foundation. Empire AI ap fè rechèch ak devlopman IA ki an sekirite, ekitab e aksesib, sa ki benefisye tout kwen nan Nouyòk.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU